

Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Vandè Jeneral

Èske w ap vann, lwe, oswa ofri pou vann oswa lwe machandiz oswa sèvis, eksepte manje, nan yon espas piblik tankou lari oswa twotwa?

Konsènan Lwa sou Lisans General Vandè a:

- Pa gen limit sou kantite lisans yo bay veteran yo oswa mari oswa madanm oswa patnè domestik ki siviv yo. Kantite lisans yo bay moun ki pa veteran yo limite a sèlman 853.
- Vandè Jeneral ki gen lisans vant espesyalize (Citywide Specialized) nan tout vil la (jòn) oswa lisans vant zòn santral (Midtown Core Zone) nan santvil la (ble) kapab vann nan sèten zòn ki gen restriksyon sou yo epi gen priyorite pou jwenn anplasman sou lòt vandè yo. Lisans sa yo se pou veteran ki gen yon andikap ki gen rapò ak sèvis. Nimewo lisans Ble yo limite a sèlman 105.
- Ou pa bezwen yon Lisans Vandè Jeneral pou vann atik Premye Amanman an kouvri, ki gen ladan materyèl ekri (journal, peryodik, liv, bwochi) ak travay atistik (penti, foto, gravi, eskilti, penti sou figi, blad ki gen fòm bèt). Ou dwe swiv règleman vant yo menm si w pa bezwen yon Lisans Vandè Jeneral.

Sèvi ak lis verifikasyon sa a pou aprann kisa enspektè nou yo ap chache epi ede evite vyolasyon. Pou fasilite ou, chak Kondisyon gen ladan seksyon lwa ak/oswa règ ki enpòtan, kidonk, ou ka al gade li pou plis enfòmasyon. LEJANN ki anba la a dekri sitasyon legal ak senbòl nou itilize nan lis verifikasyon sa a.

Lis verifikasyon sa a pa aplike pou machann manje, machann ki vann nan oswa tou pre nenpòt pak, oswa chany yo.

LEJANN
<p>NYC Code: Kòd Administratif Vil New York RCNY: Règ nan Vil New York §: Seksyon §§: Seksyon</p>

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
Lisans		
1	<p>Ou dwe gen yon lisans Vandè Jeneral Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP, ansyen Konsomasyon) General Vendor license.</p> <p>Konsèy: Pou vann manje, sa mande pou jwenn yon lisans nan men Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene).</p> <p>Konsèy: Pou vann machandiz nan yon Fwa nan Lari yo otorize (egzanp, kèchè nan lari, fèt nan katye, oswa festival), sa mande Pèmi Tanporè Machann k ap Vann nan Lari.</p> <p>NYC Code §20-453</p>	<input type="checkbox"/> Wi
2	<p>Vandè Jeneral yo dwe pote lisans DCWP yo pou li vizib pou piblik la ak ofisye lapolis yo (pou egzanp, enspektè DCWP yo, ofisye lapolis) toutan.</p> <p>Konsèy: Moun ki gen lisans ble ak jòn yo dwe pote ni Lisans Vandè Jeneral yo a (blan) ak lisans espesyalize yo a.</p> <p>6 RCNY §2-309</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Vandè Jeneral

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
Adrès		
Okenn moun pa dwe vann nan zòn sa a san eksepsyon		
3	<p>Ou pa ka vann nan “Zòn World Trade Center” anba a (ki gen ladan lari fwontyè yo) nan Manhattan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fwontyè lès: bò lès nan Broadway • Fwontyè sid: bò sid nan Liberty Street • Fwontyè lwès: bò lwès nan West Street • Fwontyè nò: bò nò nan Vesey Street 	<input type="checkbox"/> Wi
NYC Code §20-465(g)(2)		
4	<p>Ou pa kapab vann nan yon distans 10 pye de nenpòt kwen lari, nenpòt antre ak sòti sòbwey ni antre machin.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
NYC Code §20-465(e)		
5	<p>Ou pa ka vann nan yon distans 5 pye (1.5 mètr)abri otobis yo, kyòs Jounal, telefòn piblik oswa kyòs WiFi, oswa ranp aksè pou moun ki andikape.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
NYC Code §20-465(q)		
6	<p>Ou pa ka vann nan yon distans 20 pye kafe sou teras oswa estand nan lari.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
NYC Code §20-465(q)		
7	<p>Ou pa ka vann:</p> <ul style="list-style-type: none"> • nan yon estasyon otobis oswa taksi oswa sou twotwa a akote yon zòn ki gen yon pano “pa kanpe la” ki tou pre yon lopital • sou yon medyàn sòf si medyàn lan se yon sant komèsyal oswa plas pyeton (gen espas pou pyeton mache) • sou nenpòt griy vantilasyon, griyaj tren, pòt kav, kav transfòmètè, oswa twou egou 	<input type="checkbox"/> Wi
NYC Code §§20-465(e), 20-465(i), 20-465(m)		
Adrès		
Zòn restriksyon pou vandè ki gen lisans espesyalize ak vandè Premye Amanman yo		
<p>Tout machann, ki gen ladan moun k ap vann atik Premye Amanman yo, dwe swiv restriksyon tan, kote, ak fason. Gade Paj 1 an pou li deskripsyon atik Premye Amanman an kouvri yo.</p>		
8	<p>Ou dwe gen yon lisans ble espesyalize pou vann nan zòn ki anba a (ki gen ladan lari fwontyè yo) nan Manhattan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fwontyè lès: 2nd Avenue • Fwontyè sid: 30th Street • Fwontyè lwès: 9th Avenue ak Columbus Avenue • Fwontyè nò: 65th Street 	<input type="checkbox"/> Wi
NYC Code §20-465(g)(1)		

Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Vandè Jeneral

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
9	<p>Ou dwe gen yon lisans Ble oswa Jòn espesyalize pou vann nan zòn ki anba a (ki gen ladan lari fwontyè yo) nan Flushing, Queens:</p> <ul style="list-style-type: none"> Fwontyè lès: bò lès nan Union Street Fwontyè sid: bò sid nan Sanford Avenue Fwontyè lwès: bò lwès College Point Boulevard Fwontyè nò: bò nò nan Northern Boulevard <p>NYC Code §20-465(g)(4)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Treto		
10	<p>Ou dwe swiv kondisyon itilizasyon treto sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Treto w la (pa egzanp, tab, kabwèt, treto) pa dwe plis pase 8 pye (2.4 mè) nan longè, 3 pye (0.9 mè) nan pwofondè, ak 5 pye (1.5 mè) nan wotè. Treto orizontal yo omwen 2 pye (0.6 mè) distans ak atè a. Treto vètikal yo omwen 1 pye (0.3 mè) distans ak atè a. <p>Konsèy: Ou pa ka mete atik pou vann dirèkteman sou twotwa a oswa sou yon dra, tablo, oswa moso katon sou twotwa a.</p> <p>Konsèy: Ou ka sèlman itilize espas ki imedyatman anba treto w la pou estoke atik pou vann yo.</p> <p>NYC Code §§20-465(b), 20-465(n)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
11	<p>Ou dwe kite omwen yon espas 12 pye (3.6 mè) lajè sou twotwa a pou pyeton yo pase.</p> <p>Konsèy: Yo mezire distans lan soti nan limit pwopriyete a pou rive nan nenpòt obstak sou twotwa a (pou egzanp, pòtchay bisiklèt, bouch ensandi, pano siyalizasyon) oswa, si pa gen okenn obstak, sou bò twotwa a.</p> <p>NYC Code §20-465(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
12	<p>Kabwèt ou a oswa treto w la dwe plase akote twotwa a.</p> <p>NYC Code §20-465(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
13	<p>Kabwèt ou a oswa treto w la ak machandiz w ap vann yo dwe omwen 20 pye distans ak antre oswa sòti nenpòt ki bilding.</p> <p>NYC Code §20-465(d)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
14	<p>Kabwèt/treto w la, veyikil, machandiz w ap vann yo, ak nenpòt lòt bagay ki gen rapò ak lavant ou a pa ka touche okenn bilding oswa estrikti (pou egzanp, lanpadè, mezi pakin, bwat postal, poto siyalizasyon, bouch ensandi, ankadremman pyebwa, ban, abri otobis, poubèl fatra, oswa baryè trafik).</p> <p>NYC Code §20-465(c)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Lòt		
15	<p>Ou pa kapab vann nan yon otomobil ki pakin oswa ki fè doub pakin.</p> <p>NYC Code §20-465(o)</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Vandè Jeneral

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
16	Ou pa ka sèvi ak kouran oswa ekipman ki pwodui kouran, oswa ekipman, aparèy, oswa machin ki mache ak petwòl oswa gaz. Konsèy: Ou pa ka itilize okenn ekipman sou yon plòg kouran. Konsèy: Ou ka sèvi ak ekipman ki mache ak batri.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §20-465(p)	
17	Si kabwèt ou a oswa treto w la nan wout la (pou egzanp, nan espas pakin), ou dwe swiv tout lwa trafik ak pakin. Konsèy: Ou pa ka vann nan wout la si gen yon zòn sekirite oswa nan yon distans 15 pye ak yon bouch ensandi.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §20-465(f); 6 RCNY §2-304(c)	
Afichaj Pri		
18	Pou tout atik w ap vann yo, ou dwe montre pri a, san konte taks, jan sa a: <ul style="list-style-type: none"> Sou atik endividyèl la ak yon kupon oswa etikèt. OSWA Sou yon afich ki vizib klèman kote atik la afiche a. 	<input type="checkbox"/> Wi
	6 RCNY §2-307(b)	
Resi		
19	Ou dwe bay yon resi ki nimewote an seri pou tout atik yon konsomatè achte. Resi a dwe gen ladan: <ul style="list-style-type: none"> Dat acha a Montan total lajan ak taks ou peye a Deskripsyon atik la Nimewo Lisans Vandè Jeneral ou a Yon deklarasyon ki di ou ka pote DCWP plent ki gen ladan adrès DCWP ak nimewo telefòn (311) Konsèy: Ou dwe bay enspektè DCWP yo yon kopi resi ou te achte atik la nan jounen an imedyatman sou demann.	<input type="checkbox"/> Wi
	6 RCNY §2-307	

Pou jwenn plis enfòmasyon: **Ale sou** nyc.gov/BusinessToolbox | **Rele 311** (212) NEW-YORK (An deyò Vil New York)

Dokiman sa a se pou rezon enfòmasyon sèlman, li pa konplè, epi li pa konstitye konsèy legal. Biznis Vil New York dwe konfòme yo avèk tout lwa ak règleman federal, Leta, ak Minisipal ki enpòtan yo. Biznis yo responsab pou konnen ak konfòme yo avèk reglemantasyon aktyèl ki afekte biznis yo a.